

## Èske W Konnen...

- Ou ka evite kansè nan kolon. Fè tès la!
- Tès depistaj yo ka detekte kansè nan kolon bonè, lè yon tretman ka pi byen mache oswa anvan kansè a kòmanse.




- Kansè nan kolon an oswa polip yo ka pa bay okenn sentòm, sitou nan kòmansman. Pa rete tann sentòm yo anvan ou fè tès.
- Ou ka diminye risk pou ou gen kansè nan kolon. Manje nan fason ki bon pou sante w, fè egzèsis, kenbe yon pwa ki fè w ret an sante, bwè alkòl ak limit, epi pa fimen.

## Ou pa gen asirans?

Si ou pa gen asirans, ou ka kapab fè tès depistaj la kanmenm. Pwogram Sèvis Kansè nan Eta New York (New York State Cancer Services Program) ofri tès depistaj gratis pou kansè nan kolon, nan chak konte ak minisipalite, pou moun ki abite New York ki kalifye, ki pa gen asirans.

Kontakte Pwogram Cancer Services (Sèvis Kansè) nan zòn ou an oswa rele nan **1-866-442-2262** pou jwenn yon pwogram ki toupre w.



Ou dwe anvizaje pou w enskri nan yon plan sante tou atravè New York State of Health. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele liy asistans la nan **855.355.5777** oswa ale sou: [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)



# Jwenn Enfòmasyon sou Kansè nan kolon



Kansè nan kolon se kòz **#2 pou lanmò pa kansè** lakay! Moun k ap viv New York yo, men li pa oblije konsa.

**Ou ka evite kansè nan kolon.**

**Tout moun ki gen 45 lane oswa plis ta dwe fè tès pou kansè nan kolon.**

## Ki sa Kansè nan Kolon an ye?

Kansè kolorektal (yo rele tou kansè nan kolon) se yon kansè ki kòmanse nan kolon an oswa nan rektòm nan. Kolon an ak rektòm nan fè pati sistèm dijestif kò a.

Timè ki pa nòmal (ke yo rele polip yo) kòmanse nan kolon an oswa nan rektòm lan, epi, ofiramezi, yo ka vin tounen kansè.



## Poukisa ou dwe fè tès depistaj?

Tès depistaj pou kansè nan kolon yo ka detekte polip yo, pou yo ka gen tan retire yo anvan yo vin tounen kansè.

Tès depistaj yo ka detekte kansè nan kolon bonè tou, lè tretman an gen dwa pi efikas.

## Ki Moun ki Ta Dwe fè Tès pou Kansè nan Kolon?

Laj se faktè risk nimewo en pou kansè nan kolon. **Moun ki gen laj 45 rive 75 lane ta dwe fè tès depistaj pou kansè nan kolon.** Depi w depase laj 75 lane, mande pwofesyonèl swen sante w si w ta dwe fè tès la.

Sèten moun ta dwe fè tès la pi bonè toujou, avan laj 45 lane. Pale avèk pwofesyonèl swen sante w si:

- Ou menm oswa yon manm fanmi ou te fè kansè nan kolon oswa polip
- Ou menm oswa yon manm fanmi w te gen maladi enflamatwa nan entesten (Inflammatory Bowel Disease, IBD), tankou maladi Crohn oswa kolit ki ka tounen ilsè (ulcerative colitis)
- Ou gen yon maladi jenetik tankou polipoz adenomatèz famiyal (FAP ann angle) oubyen Sendwòm Lynch

## Kòman Mwen Ka fè Tès pou Kansè nan Kolon?

**Gen plis pase yon sèl tès pou kansè nan kolon. Ou gen yon chwa!**

**Tès iminokimik fekal (Fecal Immunochemical Test, FIT), tès iminokimik fekal ADN (FIT-DNA test), oswa tès pou detekte San ki Kache nan Poupou (Fecal Occult Blood Test, FOBT)**

Ou fè tès sa yo lakay ou epi ou voye echantiyon pou pou yo nan klinik yon doktè oswa nan yon laboratwa.

### Koloskopi

Yon koloskopi fèt nan klinik yon doktè oswa lòt sant medikal. Doktè a chèche timè oswa kansè nan rektòm nan ak nan kolon an.

### Sigmoyidoskopi fleksib

Se tankou yon koloskopi, sòf ke doktè a ap chèche timè oswa kansè nan rektòm nan epi nan dènne bout ki nan kolon an.

## Kisa Sentòm Kansè nan Kolon yo ye?

Kansè nan kolon ka pa bay okenn sentòm. Yon moun ka gen kansè nan kolon san li pa konnen.

Si gen sentòm, yo ka gen ladan yo:

- San nan pou pou oswa pou pou yo sanble ak goudwon
- Doulè oswa kranp nan vant ou ki pa vle pase
- Chanjman nan abitud pou pou ou – swa konstipasyon oswa dyare
- Pèdi pwa san w pa konnen poukisa

**Si w gen nenpòt nan sentòm sa yo, pale ak pwofesyonèl swen sante w.**

**Pi bon tès la, se tès ou fè a.**

**Pale ak pwofesyonèl swen sante ou epi chwazi tès ki bon pou OU a.**